ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ІЭСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1824 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗЭРЭ КЫДОКІ

№126 (22.534) ● 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Наркотик зыхэлъ хущхъуэхэр зэращэ хабзэр ягъэткІиину щІолъэІу

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иригъэкІуэкІащ наркотикхэм япэщІэтынымкІэ республикэ комиссиэм и зи чэзу зэІущІэр. Абы щытепсэлъыхьащ наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэрызэблагъэкІым еБэныныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ щиІа докладым КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Щэт Ирмэ щытепсэлъыхьащ щІыхуэхм наркологие дэІэпыкъуныгъэ зэрырат щІыкІэм. УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ полицэм и генерал-майор Кульбаев Руслан къигъэлъэгъуащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм къыщагъэсэбэныпи папщІэ ди щІыналъэм кърашэ «Лирика» хущхъуэ лІэужьыгъуэр зыубгъуауэ аптекэхэм зэрыщащэм. Къызэрыщ1эКІымкІэ, ар наркотикхэм ятхьэкъуахэм зыубгъуауэ къагъэсэбэп. Абы къыхэкІыу Урысейм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министрствэм лъэІукІэ зыхуагъэзащ «Лирика» хущхъуэр нэхъ тк1ийуэ зыкІэлъыплъ хущхъуэ лІэужьыгъуэхэм хигъэхьэну.

ЗэІущІэм апхуэдэу къыщаІэтащ наркотикхэр, абы и пкъыгъуэхэр республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм тэмэму щахъэмэнымкІэ зыхуеину Іэмалхэр къахуэзгъэпэщы-ным.

ХЬЭПЭ Мариэ.

Республикэм къыщалэжь ерыскъыпхъэхэм щІэупщІэшхуэ яІэнущ

**КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ хуэзащ «Росагролизинг» акционер зэгуфэныгъэ зэІуэм и генеральнэ директор Назаров Валерий. Абы къыжьэпІащ республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Къаздэхъу Альберт. ЗэІуэм щытепсэлъыхьащ республикэм и мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр щыгъуэ хьэщІэр республикэм и агропромышленнэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэм щыІати, абы и лъэныкъуэкІэ Іэмал инхэр зэрыдиІэр илъэгъуащ. Псалъэм папщІэ, «СтройМаш» Іуэхущ1апІэм пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэхЕІымрэ зралъхьэн ашыкхэр пластикым къыхэщыкІ. Абы пэхъуи Іуэхущ1апІэ иджыпсту Урысейм щыІэкъым. Мы Іэнатіэм къыщагъэсэбэп технологиехэм щыгъуазэ зищІа нэужь, Назаров Валерий жиІащ предприятэм и продукцэр ди гъунэгъу щІынальэхэми куэду зэрыщыпхуащынур.

«Агро-Ком» теплицэ комплексыр къыщызэхакІухьым Къаздэхъу Альберт хъэщІэр щыгъуазэ ищІащ хадзэхэлхэр хуабэщхэм щыгъэкІыным республикэр зэрегулыр. «Промышленнэ теплицэхэм иджыпсту гектар 40-м щІигъу, уней лъапсэхэм щызэрахьэхэм гектар 360-рэ яІыгъщ. Дэ а бжыгъэхэм нэхъри хэдгъэхъуэну ди мурадщ, илъэс хъурейм цІыхухэм хадэхэкІыр ягъуэтын папщІэ», - жиІащ министрым.

Псынщ1эу къызэпыкІэ жыг хадэхэм щеплъым Къаздэхъу Альберт къыхигъэщ1ьэхуКІащ: «Жыг хадэхэм зедгъэубгъун папщІэ дэ Іэмал псори диІащ; республикэм бетон пкъохэр щагъэж, пластик ашыкхэр щащІ предприятэхэр къыщызэІуахащ, хэтсэну жыгыщІэхэр ди питомникхэм щыдогъэкІ, щыхуэфащэ Іэщ1агъэ зиІэхэр агротехнорпархэм щыдогъадж».

Министрым апхуэдэу жиІащ Іэщ гъэхъуным, ерыскъыхэкІхэр къыщІэзыгъэкІ промышленностым, сырьем елэжь промышленностым зегъэужьным я лъэныкъуэкІи ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр зэрыщыІэр: «Республикэм и мэкъумэшыщІэхэр «Росагролизингым» лъэныкъуэ куэдкІэ пыщІащ, лизингкІэ техникэр, Іэмэпсымэхэр, Іэщ къащІэху. Шэч къытесхэркъым ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъри дяпэкІэ зэрефІэкІуэным, нэхъ быдэ зэрыхъунум».

Дызэрыт илъэсым ди республикэм и мэкъумэшыщІэхэм псори зэхэту лизингкІэ сом мелуани 120-м нэблагъэ и уасэ техникэ къащІэхунущи, нобэм ирихьалІэу абы щыщу техникэ зэмылІэужьыгъэу псори зэхэту сом мелуан 80 зи уасэ къаІэрыхьащ.

«Росагролизингым» и Іэтащхьэм ильэгъуа псори хуабжьу игу ирихьащ икІи зэІущІэм и кІэуэм жиІащ: «Сэ си щхьэкІэ нэрылъагъу къыщыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексыр зыужьыныгъэм и инновацэ гъуэгум зэрытетыр, дяпэкІэ нэхъри зэрызиужьынур. Абы къыхэкІыу ди корпорацэр адэкІи егупэщ1ыщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм нэхъ зыубгъуауэ зэрадэлэжьэнум. Ди щІыналъэм и щытыкІэр икъукІэ тэмэмщ, фызьэхуеин-ну лэжьакІуэхэр фи1эщ. ЩэхуакІуэхэм экологие и лъэныкъуэкІэ дагъэнэзу къэплъытэн ерыскъыпхъэхэр яхуриукъуным. Мис апхуэдэ продукцэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалэжь».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Урысей 10» зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэр йокІуэкІ

Яп1э лъэхъэнэр щекІуэкІым щыпІэ хьэлэмэту е ухуэныгъэ нэхъ гъэщІэгъуэну федеральнэ округ къэс 10 къыщыхахащ. КИФШІ епланэ зэрыпІэр Іуащхьэмахуэ щиубыдащ. Абы папщІэ Іэ зыІэтахэр мини 100-м щІегъ.

ЗЭПЕУЭМ и етІуанэ Іыхьэм къыщалъытэнукъым щыпІэ щІэрыІуэхэм папщІэ яп1э Іыхьэм хиубыдэу Іэ зыІэтахэм я бжыгъэр. Абы къыхэкІыу текІуэну дэтхэнэми Іэмал иІэщ.

Яп1эми хуэдэу, етІуанэ Іыхьэм хиубыдэу Іэ щыфІэт хъунущ процентыи и сайтым (http://10russia.ru/object-34#). Абы папщІэ 1880 номерым 34 бжыгъэр иту SMS егъэхьын хуейуэ аращ. Абы и уасэр соми 3,54-рэ хьууэ аращ (НДС-р хэту).

Депутатхэр Іуащхьэмахуэ дэкІащ

КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэр илъэс 75-рэ, КъБР-м и Парламентыр илъэс 20 зэрырикъуам и щыхькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр Іуащхьэмахуэ дэкІащ. Гупым я пашэу щытащ Спортымрэ туризмэмкІэ комитетым и унафэщІ Суммаев Ахьмэт. Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ щыгум нэсыфащ депутат Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм хэтхэу Гузоев Исмэхьил, Дзыгъулэ Ибрэхьим, апхуэдэу «КъБР-м и унхуакІуэхэм я зэгухьэныгъэм- и генеральнэ директор Щыхьэлы Эдуард, КъБР-м и прокуратурэм щылажьэ Башиев Расул, Мамыщ Асльэн сымэ.

КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэу Шыгъушэ Заур, Ахъуэхъу Азэмэт, Бекъалды Мухьэмэд сымэ километритху хьу лъагапІэм нэс дэкІри «Урысейм и альпинист- дамыгъэр ящхьащ. Жанатаев Сэлимрэ Щыхьэлы Эдуардрэ альпинизмэмкІэ инструкторым и мардэр, Суммаев Ахьмэт инструктор-гъэсакІуэм и мардэр ягъэзэщІащ.

Парламентархэм Іуащхьэмахуэ и щыгум дахащ УФ-м и Президент Путин Владимир, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар сымэ я сурэтхэр.

Іуащхьэмахуэ дэкІахэм апхуэдэу къаІытащ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэр «Урысей 10» зэпеуэм зэрыхэтри икІи мы лэжьыгъэмкІэ а Іуэхуэр даІыгъащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Лъэпкъ Іуэху

Лъэщым и лъэр псынщІэу щІокІ



Дунейпсо Адыгэ зэхуэсым хэтхэм захуегъаэзэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Хьэсанэ Руслан.

Ди газетым зэрытетащи, щэбэт кІуам Налшык щекІуэкІащ ДАХ-м и жэрдэмкІэ зэхуашэса Дунейпсо адыгэ зэІущІэшхуэр. «Псори дызэхьэхьэщи, ди лъэпкъэгъуэхэм дадэІэпыкъунщІ!» къыхуеджэныгъэм щІэт зэхьыхьэр теухуауэ щытащ зауэ мафІэм зи щхьэр хэлъ Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм, абыхэм ящыщу адэжь щІыналъэхэм къэзыгъэзэжьыфахэм я Іуэхур зыхуей хуэгъэзэнымкІэ щІапхъэхэм.

ГУЗЭВЭГЪУЭ къызытепсыха, СХЪР-м бэлыхь щыхэхуа ди лъэпкъэгъуэхэм хэкурысхэмрэ нэгъуэщІ къэраз щыпсэухэмрэ зэрызыщІагъэкъуэн, зауэм и лыгъэм къызэрыхашьи Іэмалхэм и гугъу ящІащ а махуэм. Абы теухуауэ хэкІыпІэу ялъагъуэ къагъэлъэгъуэну хьэзырт дунейм щикъуха дыдэ адыгэхэм я лЫКІуэхэр, адыгэгу зиІэ, адыгэпсэ зыІут, гущІэгъу зыхэлъ щІыху къызэрыгуэкІхэр.

(КІэухыр 2-3-нэ нап.)

Щыху куэд хэкІуэдащ

Депутатский жылагъуэм икІауэ Казачье къуажэм кІуэ Ми-8 вертолетыр дыгъуасэ Якутием къыщекъуэхащ. КъызэратамкІэ, абы иса щыху 28-м щыщу 23-р хэкІуэдащ.

Хэкіуэдахэм ящыщ Саха (Якутиэ) Республикэм и парламентым и депутат Морозкин Александр, щІыпІэ инвестицІэ компанием и унафэщІ Ефимов Виктор, «АЛРОСА» авиакомпание щІэрыІуэм и лІыкІуэ зыбжанэ.

КъеГъэлакІуэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, вертолетым и жьыхур кІыр дзакІэм жьэхэуэрэ кьеухуэхауэ араш.

И щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ

Урысейм и «Глонасс-М» хъэрш аппаратншрэ ДМ-03 блокымрэ зэрыль «Протон-М» ракетэр щагъэльатэм Байконур къыщІехуэхыжащ. Ар уэгум зэритар зы дакъикъэ иримыкьуц.

Апхуэдэу къыщІэхъуар зэхагъэІыу къуанншэхэм я щІэхэр, «Урысейхъэрш» Іуэхущ1апІэм и унафэщІхэм ящыщу абыкІэ жэуап зыхьхэри яхэту, къраІуэну яхуигъэуващ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий. Абы езым и кІуэдзэ Рогозин Дмитрий и пщэ ирильъащ правительствеинэ комиссэ къызэрыгъэпэщу ракетэр къыщІехуэхьжам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну. КъимыщэкІэ, хьэрщым теухуауэ ираГъэкІуэдІ лэжьыгъэхэр, я Іэнатіэм мыльку хухахыр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр нэхъ тк1ийуэ къапщытэну яхуигъэуващ. Апхуэдэ зэхуэмыхьэныгъэхэр дапэкІэ къэмылъэн щхьэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъи игъэхьэзырыну къыпэщытщ комиссэм.

Сноуден къыщхьэщыжынур хэт?

США-м и Іпасхьэщ1эх Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэм щылажьэу щыта Сноуден Эдвард къэрал 21-м я правительствэхэм я унафэщІхэм захуигъэзащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм зэхэзехуэн зэрыщащІым кьыхэкІыу, политикэ щхьэусыгъуэкІэ щтапІэ ильэжам и статусыр къратыну.

А къэралхэм ящыщу Урысей Федерацэри. Сноуден и уэчыл икІи дзыхь зригъэз, Великобританием щыщ Харрисон Сарэ а лъэІур иту УФ-м хамэ къэрал ІуэхуэхмкІэ и министрствэм тхыгъэ щІилъхьащ.

Сноуден Москва и Шереметьевэ аэропортым и транзит щІыналъэм тхьэмахуитІ хьуауэ щыІэщ. Ди къэралым и Президент Путин Владимир а лъэІум щыгъуаз хуэм нэужь жиІащ: «Ар ди къэралым кІыщынэну хуеймэ, США-м и ЦРУ-м зэран хуэхьу сыгт хуэдэ Іуэхуи илэжьу хуэдэнукъым».

Ар зэхихыжа нэужь, Сноуден ди къэралым кІыщынэным теухуа и лъэІум иригъэ ъэзэжащ. Апхуэдэу щытми, УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыжиІамкІэ, Сноуден США-м и ираГъэкІынукъым, а къэралым цІыхум и судыр укІкІэ щІэн хабзэр иджыри зэрыщыІэкІуэм къыхэкІыу.

ХьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ, Европэм и къэралйм жаІащ Сноуден и лъэІур зэрыхуамышІэнур. США-м фІэмылІыкІыу ар зэрыщІэлІэн къэрал куэд щыІэу пІэрэ?

НОБЭ

●ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакІуэхэм я махуэщ

●Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр къыщыхэгъэгъэпэща махуэщ. КъШР-м щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ (2004 гъэ лъандэрэ ягъэльапІэ).

●Алтай Республикэр къыщыхэгъэпэща махуэщ

●Хакасие Республикэм и махуэщ

●1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етІуанэу къыхуагъэфэщащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ, уэщх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

ПлапІэр зыгъэхъэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэщ.

Лъэпкъ Іуащ1ъэ:

Бжьэм фо здэщыІэр ещІэ.

Италием дызэрыпыщІам зеубгъу

● Сату

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м «Италиер Кавказым Іуощ1э» проектым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм етхуанэ сессие щекІуэкІынущ.

АР НЭХЪЫБЭУ зытеухуар Италием хьэрычэт лэжьыгъэ щызэзыгъаКІуэхэмрэ Ипшэ федеральнэ округым, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хиубыдэ щІыналъэхэмрэ зэшэлІэныщ, сату-экономикэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныщ. Мы зэІущІэм хиубыдэу къыззэхуэсахэр епльынущ Урысейм щынэхъ ин дыдэу щыт жыг хадэу, пхъэщхьэмыщхьэ питомникыкІуу КБР-м щыІэхэм, Италием щыщ компаниехэм езыхэм я щхьэкІэ е ахэр хэту ягъэззэщІа проектхэм, заводхэм.

Ижьыкіэ «Синдикэ» хьэщІэщым щрагъэкІуэкІынуц «Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкІэ Италием и экспортым иІэ мыхьэнэр» конференцыр. Абы хиубыдэу промышленностым, курортхэмрэ туризмэмрэ, энергетикэм я Іэнатіэхэм лъэныкъуэнтІыр зэрыщІэзэдэлажьэм республикэм и министерствэхэм я лІыкІуэхэр зэрихьэхэр лІэу тепсэлъыхьыну я мурадщ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

Ди къуэш республикэхэм

ПсэупІэкІэ къызэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***Премьер-министр Къумпіыл Мурат республикэм и министрхэм я кабинетым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы къыщІэІта Іуэхугъуэхэм ящыщу сабий зеинш1эхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымр.***

- СУБСИДИЕР псэупІэкІэ хъуэжьыным и лъэныкъуэкІэ законым игъэтыну зэхъуэхьыныгъэхэр сабий зеинш1эхэм я сэбэп зыхэлъщ. Абы ипкъ иткІэ апхуэдэ щІыхуэхэм папщІэ унэщІэхэр Іэмал имыІэу хуэхуейщ. А лэжьыгъэр зыгъэзащІэнуэхри республикэм иІэщ, - къыхигъащ Къумпіыл Мурат.

Тэхъутэмыкъуэй куейм унитІ, Мейкъуапэ зы унэ щащхъуэнущ. Премьер-министрым гу зыІэригъэтащ псори хабзэм ипкъ иткІэ зэфІэхьын зэрыхуейм. Мы гъэм сабий зеинш1эу 18, етІанэгъэ 97-рэ, 2015 гъэм щІыху 200 къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэм хохъуэ

Бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІадзэуэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат ехъщэм Адыгейм щыкІэхъуащ. Псым, газым, электрокъэрум, хуабэм ику иту процент 12 щІагъуащ.

КЪУХЭДГЪЭЩЫНЩІ, псы щыІэр сом 12-рэ кІэпІейкІэ 45-рэ и уасэщ. Псы пщтырыр соми 124-м щІегъуащ. Электроъэру зы киловатт-тым соми 3-рэ кІэпІейкІэ 12-рэ хуозэ. Газым и пщІэм процент 15-кІэ хэхъуащ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и махуэр ягъэлъапІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкІэ бадзэуэгъуэм и 3-р зыгъэпэсэхуГъуэ махуэу ягъэуващ.***

НОБЭ ягъэльапІэнущ Къэрэшей-Шэрджэсым къыщызэрагъэпэща, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм я махуэхэр. Илъэс къэси хуэдэу, абыхэм ятеуха нэгузегъэужь, зэпеуэ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Сом мелуан 694-рэ

Федеральнэ налог къуплькъум и Іуэхущ1апІэу Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэм къызэрытымкІэ, 2013 гъэм и щыщыпІэ-накъыгъэ мазэхэм УФ-м и зэгъэуІуа бюджетым сом мелярди 2-рэ мелуан 824-м щІигъу ягъэхьащ. Илъэс кІуэм и мазитхум епытауэ ар процент 40-кІэ нэхъыбэщ.

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и федеральнэ бюджетым мы гъэм и мазитхум налог хэхъуэу сом мелуан 694-рэ мин 476-рэ къыІэрыхьащ. КъШР-м и зэгъэуІуа бюджетым сом 1 мелардрэ мелуан 929-м щІигъу ягъэхьащ. Абыхэм ящыщу республикэ бюджетым - сом 1 мелардрэ мелуан 247-рэ, щІыналъэ бюджетхэм - мелуан 682-м щІигъу хуаутІыпщащ.

УЭРДОКЪУЭ Жэнэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Шыгъэлыгъуэ Уэджид

Къардэн Самир

Бырсекъуэ Орфан

ТIамжыкьуэ Умар-Фарукъ

Дербит Валерэ

Бэгъущэ Iэдэм

КIэкIыхъу Мэжид

МэшбащIэ Исхьэкъ

Бобылев Валентин

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд

Лъэщым и лъэр псынщIэу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

«Лъэпкъыр зэкъуэтмэ - лъэщщ» адыгэ псалъэжьым и купщIэр нэрылъагъу, хьэкъ щыхъу махуэт ар. Ущхъуэдэмыщхъуэу ди лъэпкъэгъуэм гуэвэгъуэр къащытепсыха дакъикъэм щыщIэдзауэ къуэшыгъэр, благъагъэр къызэкъуахауэ зи лъэ вакъэ изылъхьэ, зи щхьэпщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэри, гулыытэ хэдгъэфIэкI мыхъуми, я къару илъымкIэ абыхэм ядоIэпыкъу. Ауэ нобэми Сирием ди цIыху щыхокIуадэ, екIуэлIапIэншэ хъуахэр утыкум къонэ, зэхэзехуэн ящIа ди къуэпхъэм тхъымыщкIагъэшхуэ къалъыкъуэкIауэ, хэт и бын, хэт и щхьэгъусэ, хэти и унагъуэр зэрыщыту щIалъхьэж. ЛъэныкъуэкIэ ущыту а псом уепльыныр гущIэгъуншагъэщ.

Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапIэм и пэщ нэхъ иным щекIуэкIа зэIущIэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къызэIуихащ. Псом япэрауэ, абы фIыщIэ яхуищIащ лъэпкъ Iуэхум игъэгузавэу къахуеблэгъа дэтхэнэми.

- Хьыбар зэдгъэщIахэм ящыщу къанэ щIагъуэ щымыIэу къызэхуэсащ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Гулъытэ хэха къытхуищIу, сыт хуэдэ Iуэху кьеткъэжьми къыддиIыгъыу зэрыщытымкIэ фIыщIэ ин худощI ди республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен. Хьыбар зэдгъэщIа республикэхэм я Iэтащхьэхэми апхуэдэ фIыщIэ яхуэфащэщ, я лIыкIуэхэр къызэрытхуагъэкIуам папщIэ.

ЩIэуфэ лей хэмыту жыIапхъэщ, хамэ хэрал ис ди къуэшхэм ди гур нэхъ яхуэмыгъуэу зэрыщытыр, псом хуэмыдэу нобэ Сирием щыпсэухэм я щхьэр мафIэм хэльщи, тIуащIэу ахэм дахуогузавэ. Нэхъ ягъэIуэкIэ абыхэм ягъэунэхуащ хьэлэбэлыкъым и лейр, хэхэс цIэ жагъуэр нобэр къызджэсым зэзыхьэ ди лъэпкъэгъуэр иджы етIуанэу зэхэзехуэн хъуащ. Псом хуэмыдэу гущIэгъу зэуныкъуэщ сабийхэр, бзылъхугъэхэр, ди нэхъыжьхэр.

Зи дамэ къута къуршыбгъэу хамэщIым кьина ди лъэпкъэгъуэм зауиигъаззэу Сэхъурокъуэм жиIащ абыхэм я гузэвэгъуэр зэрызэхащIыкIыр, яхуэзфIэкI мащIэмкIэ зыщIагъэкъуэну сыт щыгъуи зэрыхьэзыырыр.

«Дэдыэжьуэмыту ди Iуэху дежIынукъым. Дуней псом ящIэн хуейщ дызэрызэкъуэтыр, дызэрызэрыIыгъыр», - дыщIигъуащ абы и псалъэхэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Тыркуми Иорданиеми ди лъэпкъэгъу куэд ирагъэблэгъэрауэ, ахэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэжьуэкIым. КъищынэмыщIауэ, Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэр къыщызэIуахкIэ адыгэхэми я щыIэкIэпсэукIэр щагъэлъэгъуэну хуит къызэращIар, Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрыриклум иращIэкIыну дауэдапщэхэр зэрекIуэкIыр, лъэпкым гуфIэгъуэ махуэ иЭну яфIэигъуэу, ар махуэ гуэрым трауху хуейуэ къызэрыхалъхьар яжриIащ.

Дунейпсо зэхьыхьэшхуэр щIызэхуашэса щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэм дежкIэ къыщигъэзэжым, Сэхъурокъуэ Хьэутий кьыхигъащащ 1994 гъэм Урысей Федерацэм кьыщащта унафэм ипкъ иткIэ, УФ-м и паспортыр кьыIахыну хамэ къэрал ис ди лъэпкъэгъухэм хуитыныгъэ иратауэ зэрыщытар, абы щыгъуэ цIыху 874-м фIэкIа зэрызэрамыгъэпэщар. Иджы ахэр зауэ кьыщыхъуа щIыпIэм тыншу кьокIыжьиф, иджыри апхуэдэ унафэм щIэлъэIуну зэрамурадыр жиIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къашэжахэм ящыщу унагъуэ 20-м щIигъум унэ кьыхуащэхуащ. Иджыри унагъуэ 55-м, КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, псэупIэхэр кьыхуэзэрагъэпэщ, унагъуэ зимыIэ адрей щхьэзакъуэхэми кьыкIыпIэ кьыхуагъуэтынущ.

- Зэхэдубла псапащIэ Iуэхум кьыхэкI ахьшэр дыхуэсакьыпэу ди лъэпкъэгъуэхэм зэралъэIэсыным ехьэлIауэ унафэ зэпэшэча къэтщтэн хуейщ. Ахъшэр кьыхэрысэбэпамрэ зытекIуэдамрэ дэтхэнэми зыщигъэгъуэзэфын хуэдэу Интернетым кьитлъхьэжьинущ, - къыпищащ Сэхъурокъуэм.

Адэкlэ псалъэ ираташ Правительствэм и Унафэщl **Хьэсанэ Руслан**. КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и фIэхъус гъэмахэр къызэхуэсахэм ящыщ къызэхуэсахэм зрихэ нэужь, абы жиIащ мы Iуэхур зи жэрдэмхэм икъуэкIэ къалэнышхуэ я пщэ далъхьэжу, Iуэху щхьэпэ къызэрырахьэжьар.

- Адыгэ зэхуэсхэм махуэ къэс зыкъредмигъэхьэлIэфми, дыкIэлъоплъ, псоми зыщыдогъэгъуазэ. Адыгэм и щхьэ кьрикIуам иригъаваэу, лъэпкыр зы ищIыжыну и щIыхьым телажьэ дэтхэнэми фIыщIэ хуэфащэщ. Дэжьыгъэ Iуэхукlэ си пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэм кьищынэмыщIауэ, сэри адыгэ анэ сыкъилъхъащ, адыгэлъ сщIэтщи, лъэпкъым и пщэдеIм срогуазэ. Нобэ дыщIызэхуэса ди къуэш, ди шыпхъухэм Кавказ зауэжьым и лъэхъэнэм ещхьыркъабзэу, иджыри леишхуэ кьатехьащ. Аргуэру я унэ-лъапсэр Iэщ Iыб ящIу щIэрыщIэу псэун щIадзэжьи хуей мэхъу. Тхуэзфlэкlымкlэ дадэвгъэIэпыкъу.

Премьерым и псалъэхэм кьыхигъэщащ лъэпкым папщIэ Iуэху щхьэпэу кьаIэтыр республикэ унафэщIхэм гулъытэншэу кьызэрамыгъэнэнур, зэрызащIигъэкъуэнур, зым и макъыр адрейм зэхихыу лъэпкъ Iуэху зэрахуэну, я зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэж ящIыну зэрыщыгугъыр.

АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ **Мэшбащlэ Исхьэкъ** псалъэ щратым, жиIащ зэман и пэкIэ хэкужьыр залымыгъэкIэ зрагъэбгьына ди адэжьхэм етIуанэу а гуауэр зыхащIэн хуейуэ кьазэрыхуихуар. И лъэпкъэгъуэр сыт щыгъуи и гум зэриIатым и щыхьэту, Мэшбащlэм абыхэм ятеухуауэ тхылъ зыбжанэ и Iэдакъэ кьыщIэкIащ. Махуэ бжыгъэ и пэкIэ дунейм кьытехьа «Хэкум ирахуахэр» тхылъыщIэр а гуэвэгъуэшхуэрщ зытеухуар. Тхыдэр зи лъабжьэ романхэр хуабжьу сэбэпышхуэщ уи блэкIар пщIэжьныкIэ, ар щIэблэм ебгъэщIыхунымкIэ. Лъэпкъым и щхьэ кьрикIуэ Iуэху мыщхьэпэхэм хуабжьу зэригъэгуэзэщIыр кьыхощ Мэшбащlэм и тхыгъэхэми, и псалъэхэми.

- Лъэпкъым и бын псоми ди кьару илъ тщIэн хуейщ. Ди лIыщхьэхэм дызэхамыщIыкIми, унафэщIхэм захуэдмыгъэгуэсу дэтхэнэ зы адыгэми ди пщэ кьыдэхуэ кьалэныр дгъэзэщIапхъэщ. КьытхуащIэнум девмыгъажьэу девгъэужьэрэкI, - дыщIигъужащ абы и псалъэхэм.

Зэхьыхьэм кьрихьэIаэр ирагъэплъащ Сирием щекIуэкI хьэлэбэлыкъэм техуауэ «1 КъБР» телеканалым игъэхьэзыра нэтыным. Абы кьыхощ ди лъэпкъэгъу мини 120-рэ щыпсэу Сирием щекIуэкI зауэм адыгэр нэхъри зэрызэкъуигъэувар, дуней псом щикъуха ди лъэпкъэгъухэм ящыщу Сирием ящыщу ди кьалэнщ. Гуэвэгъуэм хэхуахэр, щыпсэу къэралми зэрыт динем емылъытауэ, защIэдгъэкъуэну дэтхэнэми ди хьэкъщ.

Бобылев Валентин жиIащ мы тхьэмахуэм члисэхэми ахъшэ зэрыщызэхуахьсынур, Сирием исхэм ядэIэпыкъун папщIэ.

ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэт **Бырсекъуэ Орфан** фIыщIэ яхуищIащ мы зэхьихьэр кьызэзэгъэпэщахэм. Абы зэрыжиIамкIэ, Сирием щекIуэкI зауэм кIуэ пэтми зеубгъу, зэщIопльэ, зы махуэм нэхъ гъэ кьыкIэлъыкIуэм нэхъыбэ хокIуадэ, ди къэпкъэгъуэхэми лей къатохьэ, адыгэ щIалэу ныбжьыщIи 110-рэ яукIащ.

- Пэжщ, адыгэхэр зауэр нэхъ щыкIащхьэ кьуаижхэм Iэпэхъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Дамаск унагъуэ мини 4-м щIигъу екIуэлIащ. Ахэр Адыгэ Хасэмрэ унагъуэхэмрэ зрашэлIауэ зыхуей хуагъаэ, щыпсэункIэ, щхьинкIэ ядоIэпыкъу. Унаугъуипл-тху езыгъэблэгъахэри щыIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Абхъаз, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ зауэм зи щхьэ кьыхэзыхыну Сирием кьынкIыжахэм зэрадэIэпыкъум папщIэ. КьищынэмыщIауэ, Тыркум, США-м, Иорданием, Европэм и къэралхэм щылажьэ адыгэ хасэхэри ди лъэпкъэгъуэхэм къаэзрыдэIэпыкъум папщIэ Тхьэр арэзы кьахухъу, - кьыхигъэщащ Орфан. - Адыгэ псори дегъэгузавэ Сирием исхэм я Iуэхур зэрызэщIэпльэм, нэхъыкIэ зэрыхъум. Мы зэхьихьэм хэтхэм ди пщэ кьыдохуэ унафэ кьатщтэу Урысей Федерацэм зыхуэдгъэзэну, Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ кьыддэIэпыкъун папщIэ.

Апхуэдэ Iуэхугъуи 10 Орфан кьитлъэлъэгъуащ. Урысейм щыщу хамэ къэралхэм щыпсэухэм я Зэзыгъэлъу советым 2010 гъэм мазаем и 25-м хьыхьэ Сирием щыIэ Адыгэ Хасэм хэтхэр. Урысейм адыгэхэр и лъэпкъыу къыщилъытакIэ, Сирием кьикIыжхэр зыхуеину тхылъхэр тыншу, псынщIэу икIи ахъшэншэу хуагъэхьэзырынымкIэ дэIэпыкъун хуейуэ къэгъэув. Сирием щыпсэу адыгэ мини 4-м щIигъум я хъуэпсапIэщ и щхьэр гуэвэгъуэм къыхахыу дыкъыщепльэ хъунукъым, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм тхузэфIэкI яхуэтщIэну ди къалэнщ. Гуэвэгъуэм хэхуахэр, щыпсэу къэралми зэрыт динем емылъытауэ, защIэдгъэкъуэну дэтхэнэми ди хьэкъщ.

Бобылев Валентин жиIащ мы тхьэмахуэм члисэхэми ахъшэ зэрыщызэхуахьсынур, Сирием исхэм ядэIэпыкъун папщIэ.

ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэт **Бырсекъуэ Орфан** фIыщIэ яхуищIащ мы зэхьихьэр кьызэзэгъэпэщахэм. Абы зэрыжиIамкIэ, Сирием щекIуэкI зауэм кIуэ пэтми зеубгъу, зэщIопльэ, зы махуэм нэхъ гъэ кьыкIэлъыкIуэм нэхъыбэ хокIуадэ, ди къэпкъэгъуэхэми лей къатохьэ, адыгэ щIалэу ныбжьыщIи 110-рэ яукIащ.

- Пэжщ, адыгэхэр зауэр нэхъ щыкIащхьэ кьуаижхэм Iэпэхъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Дамаск унагъуэ мини 4-м щIигъу екIуэлIащ. Ахэр Адыгэ Хасэмрэ унагъуэхэмрэ зрашэлIауэ зыхуей хуагъаэ, щыпсэункIэ, щхьинкIэ ядоIэпыкъу. Унаугъуипл-тху езыгъэблэгъахэри щыIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Абхъаз, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ зауэм зи щхьэ кьыхэзыхыну Сирием кьынкIыжахэм зэрадэIэпыкъум папщIэ. КьищынэмыщIауэ, Тыркум, США-м, Иорданием, Европэм и къэралхэм щылажьэ адыгэ хасэхэри ди лъэпкъэгъуэхэм къаэзрыдэIэпыкъум папщIэ Тхьэр арэзы кьахухъу, - кьыхигъэщащ Орфан. - Адыгэ псори дегъэгузавэ Сирием исхэм я Iуэхур зэрызэщIэпльэм, нэхъыкIэ зэрыхъум. Мы зэхьихьэм хэтхэм ди пщэ кьыдохуэ унафэ кьатщтэу Урысей Федерацэм зыхуэдгъэзэну, Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ кьыддэIэпыкъун папщIэ.

Апхуэдэ Iуэхугъуи 10 Орфан кьитлъэлъэгъуащ. Урысейм щыщу хамэ къэралхэм щыпсэухэм я Зэзыгъэлъу советым 2010 гъэм мазаем и 25-м хьыхьэ Сирием щыIэ Адыгэ Хасэм хэтхэр. Урысейм адыгэхэр и лъэпкъыу къыщилъытакIэ, Сирием кьикIыжхэр зыхуеину тхылъхэр тыншу, псынщIэу икIи ахъшэншэу хуагъэхьэзырынымкIэ дэIэпыкъун хуейуэ къэгъэув. Сирием щыпсэу адыгэ мини 4-м щIигъум я хъуэпсапIэщ и щхьэр гуэвэгъуэм къыхахыу Хэкум къагъэзэжыну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, кьызэрыкIуэжьи мылъку зэрабгъэдэмылъыр а Iуэхур елъахъэ. Абы кьыхэкIыу УФ-м зыхуагъаэз адыгэхэр Сирием кърищыжьну, хэхэсу щытауэ къэзыгъэзэжхэм зэрадэIэпыкъу къэрал программэм ахэри хагъэхьэну, къэзыгъэзэжахэр псэупIэрэ лэжьыгъэкIэ кьызэрагъэпэщыну, щтапIэ ихьэжахэм теухуауэ щыIэ хабзэхэр ягъэлэжьэну. Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм я гуманитар Iуэхущапl Iэхэр, мы Iуэхум кьыхэшауэ тхьэмыщкIагъэ ин кьызылъыкъуэкIа Сирием ис адыгэхэм ядэIэпыкъуну я мурадщ. Хэкум щыIэхэм я гугъу пщIымэ, Сирием щыщ щIалэгъуали 102-рэ КъБКъУ-м и студентщи, я Iуэхур адэкIэ зэрыхъунум егъэгузавэ. Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и мылькукIэ абыхэм нэхъапэкIэ япэIэбащ, адэ-анэхэр зыдэмыIэпыкъужьыфхэр дауэ зэреджэнур? ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ящыщу еджэн къзэухахэр Урысейм зэрисыну хуит пIалъэр и кIэм нэблэгъащи, къэрал унафэщIхэм ди республикэм и лIыкIуэу Федеральнэ Зэхуэсым, УФ-м и Къэрал Думэм щыIэхэм зыхуагъаэз а Iуэхухэр зэфIахыну, ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъуну.

- Ди лъэпкъэгъуэхэм къалъыкъуэкIа гуэвэгъуэр адыгэу дунейм тетым дигу къоуэ. Ди кьуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ къатепсыха насыпыншагъэм нобэ дызэкъуигъэуващи, Iэмал зэриIэкIэ, дадоIэпыкъу, ятелъ хьэлъэр ящыгъэпсынщIэным, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми ящхьэщхьыным кьарууэ диIэр идохьэлIэ. Сирием ис, абы кьикIыжа адыгэхэм я Iуэхур efIэкIуэным теухуа унафэ дахэ нобэ къэтщтэну дыщогугъ. Сирием нэхъ и гъунэгъуэр Иорданиераш, - жиIащ а къэралым и Адыгэ фIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир.** - Зауэм хэхуа ди лъэпкъэгъуэм щыщу ди деж къэкIуащ, ахэр цIыху 1400-рэ мэхъу. ЩыIэсыну унэхэр къахуэдгъуэтыхукIэ, Хасэр я хэщIапIэщ. ЩэбэТ къэс дохутырхэр я узынщагъэм кIэльыдогъэпль, сы

Адыгейм и лIыкIуэ гуп.




«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жамалрэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и тхьэмадэ Къуныжь Хьэчимрэ.


Телемарафоным хэтщ Тыркум къикIа лIыкIуэхэр. Абыхэм йопсалъэ журналист Хьуэж Жан.

щІокІ

маджэщым кІуэн къахэкІмэ, доунэтІ. Ерыскъы, фэилъхьэгъуэ, унагъуэр зыхуеину хьэпшыпхэмкІи дапоІэбэ. ЕджапІэ кІуэн хуей ныбжьыщІэхэри гулъытэнщэ тщІыркъым, школхэм дахугуроІуэ. Балигъхэми ІэнатІэ къахудогъуэт, я щхьэ, я унагъуэ згъэпсэун хуэдэу. Хасэм кьеКІуалІэуурэ зи благъэ, Іыхьлыхэр къызыхуэдэгъуэтыжахэри мащІэкъым. Мы Іуэхум яхуэзфІэкІ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэр Тхьэм игъэпсэу. Адыгэр дызэрыльаръуу, дызэрыльытэу, дызэрыІыгъыу дыкъыздэгъуэгурыкІуэну си гуапэщ. Гуп-гупу дызэбгрыкІмэ, куарууншэ дыкъэнунщ, зылІ и быну дызэрыубыдрэ дызэкъуэтмэ, дыльэщщ.

Шыгъэльигъуэ Уэджиди къыхигъэщащ ди лъэпкъэгъухэм дадэмыІэпыкъымэ, ахэр Хэкум къихьэжыныжмкІэ Урысейм защІимыгъакъуэмэ, адыгэм и щхьэр хуэмыхъумэжыныкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр, абы и лъэныкъэкІэ «Пэрыт» хасэм куэд зэрызэфІигъэкІар, зэхуахьэса ахьшэр Сирием иС адыгэхэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ ялъэІэсын хуэдэу къагъэсэбэпын зэрыхуейр. «Щыгъуэу си гъащІэр зыхь адыгэм гуфІэгъуэ махуэр зытрагъэхуэнум щегупсысыпхьэр Сирием ис ди лъэпкъэгъуэхэм Хэкум къагъэзэжмэщ, Сочэ адыгэ щІыналъэу зэрыщытар Урысейм кьиІыытэрэ адыгэм къызэрыдэкъуэнщэкІамкІэ зыкъиумысыжмэщ», - жиІащ абы.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ, Шэрджэс Адыгэ Хасэм хэт **Гъуэщокъуэ Инал** кьытеувыІащ Сирием кьикІыж ди лъэпкъэгъуэхэр пІалъэкІэ къэраалым исыну хуит зэращІ, щІыналъэм щыпсэуэн папщІэ зыхуеину тхылъыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, къэралым къыщратыным пыщІа Іуэхуэхэр зэрыгугъум, къэзыгъэзэжа щІыху 60-м щІигъур ильэсым щІигъуауэ зи ужь ит а Іуэхур зэрызэфІэмыхьэм.

Гъуэщокъуэ Инал кьиІуэлъэгъуэ пІалъэм кьриубыдэу зи тхылъхэр зэрызыр хъууэ пІалъэкІэ я щІыналъэм щыпсэуну хуит ящІар щІыху 18-щ, адрей 32-м я Іуэхур хуэзфІагъэкІакъым, щхьэусыгъуэ гуэрхэр къагъэлъагъуэурэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, илъэс 80-м щхьэдэха, пІащІэу зи унэр зыбгынэу Хэкуэжым къэкІуэжа щІыхухъум ар балигъ зэрыхъуам, къызэралъхуам щыхьэт техъуэ тхылъхэр зэрыпаубыдар, язныкъуэхэм я документхэм нагъыщэ гуэрхэр зэрыщамыгъэувар фІэгъэнапІэ зэращІар, нэгъуэщІкъинэмыщІхэр. Нэхъ гуэвэгъуэрэщи, зи тхылъ хьэзыр хъуауэ къагъэлъэгъуа щІыху 18-м ящыщу ар зыІэрыхьэжар 8-рщ, 10-м щІыпІэм щыпсэуну пІалъэу къыхуагъэлъэгъуар икІащ. Абыхэм Сирием ягъэзэжу аргуэру Хэкужым кьихьэжыну паубыд. КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Іуэхур зэфІэхьныр зи кІалэхэхэм мыхэ-мыгІэу дыкъэнунщ, зылІ и быну дызэрыубыдрэ дызэкъуэтмэ, дыльэщщ.

Шыгъэльигъуэ Уэджиди къыхигъэщащ ди лъэпкъэгъухэм дадэмыІэпыкъымэ, ахэр Хэкум къихьэжыныжмкІэ Урысейм защІимыгъакъуэмэ, адыгэм и щхьэр хуэмыхъумэжыныкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр, абы и лъэныкъэкІэ «Пэрыт» хасэм куэд зэрызэфІигъэкІар, зэхуахьэса ахьшэр Сирием ис адыгэхэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ ялъэІэсын хуэдэу къагъэсэбэпын зэрыхуейр. «Щыгъуэу си гъащІэр зыхь адыгэм гуфІэгъуэ махуэр зытрагъэхуэнум щегупсысыпхьэр Сирием ис ди лъэпкъэгъуэхэм Хэкум къагъэзэжмэщ, Сочэ адыгэ щІыналъэу зэрыщытар Урысейм кьиІыытэрэ адыгэм къызэрыдэкъуэнщэкІамкІэ зыкъиумысыжмэщ», - жиІащ абы.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ, Шэрджэс Адыгэ Хасэм хэт **Гъуэщокъуэ Инал** кьытеувыІащ Сирием кьикІыж ди лъэпкъэгъуэхэр пІалъэкІэ къэраалым исыну хуит зэращІ, щІыналъэм щыпсэуэн папщІэ зыхуеину тхылъыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, къэралым къыщратыным пыщІа Іуэхуэхэр зэрыгугъум, къэзыгъэзэжа щІыху 60-м щІигъур ильэсым щІигъуауэ зи ужь ит а Іуэхур зэрызэфІэмыхьэм.

Гъуэщокъуэ Инал кьиІуэлъэгъуэ пІалъэм кьриубыдэу зи тхылъхэр зэрызыр хъууэ пІалъэкІэ я щІыналъэм щыпсэуну хуит ящІар щІыху 18-щ, адрей 32-м я Іуэхур хуэзфІагъэкІакъым, щхьэусыгъуэ гуэрхэр къагъэлъагъуэурэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, илъэс 80-м щхьэдэха, пІащІэу зи унэр зыбгынэу Хэкуэжым къэкІуэжа щІыхухъум ар балигъ зэрыхъуам, къызэралъхуам щыхьэт техъуэ тхылъхэр зэрыпаубыдар, язныкъуэхэм я документхэм нагъыщэ гуэрхэр зэрыщамыгъэувар фІэгъэнапІэ зэращІар, нэгъуэщІкъинэмыщІхэр. Нэхъ гуэвэгъуэрэщи, зи тхылъ хьэзыр хъуауэ къагъэлъэгъуа щІыху 18-м ящыщу ар зыІэрыхьэжар 8-рщ, 10-м щІыпІэм щыпсэуну пІалъэу къыхуагъэлъэгъуар икІащ. Абыхэм Сирием ягъэзэжу аргуэру Хэкужым кьихьэжыну паубыд. КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Іуэхур зэфІэхьныр зи кІалэхэхэм мыхэ-мыгІэу дыкъэнунщ, зылІ и быну дызэрыубыдрэ дызэкъуэтмэ, дыльэщщ.

Шыгъэльигъуэ Уэджиди къыхигъэщащ ди лъэпкъэгъухэм дадэмыІэпыкъымэ, ахэр Хэкум къихьэжыныжмкІэ Урысейм защІимыгъакъуэмэ, адыгэм и щхьэр хуэмыхъумэжыныкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр, абы и лъэныкъэкІэ «Пэрыт» хасэм куэд зэрызэфІигъэкІар, зэхуахьэса ахьшэр Сирием ис адыгэхэмрэ къэзыгъэзэжахэмрэ ялъэІэсын хуэдэу къагъэсэбэпын зэрыхуейр. «Щыгъуэу си гъащІэр зыхь адыгэм гуфІэгъуэ махуэр зытрагъэхуэнум щегупсысыпхьэр Сирием ис ди лъэпкъэгъуэхэм Хэкум къагъэзэжмэщ, Сочэ адыгэ щІыналъэу зэрыщытар Урысейм кьиІыытэрэ адыгэм къызэрыдэкъуэнщэкІамкІэ зыкъиумысыжмэщ», - жиІащ абы.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ, Шэрджэс Адыгэ Хасэм хэт **Гъуэщокъуэ Инал** кьытеувыІащ Сирием кьикІыж ди лъэпкъэгъуэхэр пІалъэкІэ къэраалым исыну хуит зэращІ, щІыналъэм щыпсэуэн папщІэ зыхуеину тхылъыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, къэралым къыщратыным пыщІа Іуэхуэхэр зэрыгугъум, къэзыгъэзэжа щІыху 60-м щІигъур ильэсым щІигъуауэ зи ужь ит а Іуэхур зэрызэфІэмыхьэм.

Гъуэщокъуэ Инал кьиІуэлъэгъуэ пІалъэм кьриубыдэу зи тхылъхэр зэрызыр хъууэ пІалъэкІэ я щІыналъэм щыпсэуну хуит ящІар щІыху 18-щ, адрей 32-м я Іуэхур хуэзфІагъэкІакъым, щхьэусыгъуэ гуэрхэр къагъэлъагъуэурэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, илъэс 80-м щхьэдэха, пІащІэу зи унэр зыбгынэу

Ди къуэшхэр дэращ зыщыгугъыр

ГущІэгъу зыхэлъу псапэ зыщІэм нэхъ щІыху къулей щыІэкъым. Ар дэІэпыкъуэгъу хуэхъунущ щІыху дэхуэхами лей зытехьа лъэпкъми... Апхуэдэ гуапагъэр я гум щызу мэкъуэуэгъуэм и 29-м Налшык щІыхъшхуэ щызэхуэсат. Дунейпсо Адыгэ Зэхуэсым къеблэгъаехэм я гупсысэр зыт: «Дыдэкъуэтмэ - дылъэщщ».

МАХУЭР зытеухуауэ щытар Сирие къэралыгъуэм щекІуэкІ зауэ гуащІэм ди хэкуэгъуэр къыхэша зэрыхъуну щІыкІэхэр яубзыхунырщ, зэрадзІэпыкъуну Іэмалхэр къагъэлъэгъуэнырщ. Абы кърихьэлІащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, зэкъуэш республикищым (КъБР, АР, КъШР), нэгъэщІ щІыпІэхэм я ЛыкІуэхэр.

Сыт хуэдэ зауэри гуэвэгъуэщ, абы хокІуадэ балигъи сабии... Дунейпсо зэгуэныгъэхэм, ІэнатІэ зэмылІэужыгъуэхэм кьиІэрагъэлъагъуэмкІэ, Сирием къыщыхъеа мафІэ лыгъэм мазэ къэс я гъащІэр ехь щІыху мини 5-м нэблагъэм. ЗэрытщІэщи, зауэм зи щхьэр кьыхэзыхьифа щІыху 700-м нэс мы зэманым Къэбардей-Балъкъэрым щыІэщ. Абыхэми а къэралым кьина ди лъэпкъэгъуэхэми защІэгъэкъуэным тещІыхьат псапащІэ телемарафон ирагъэкІар. «Сирием щыщ ди къуэшхэм дадэвгъэІэпыкъуэ» фІащауэ сыхэзтихым щІигъукІэ екІуэкІа псапащІэ Іуэхум мы зэкІэ къыхэкІащ сом 1 мелуанрэ мин 339-рэ, доллару - 10700-рэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэрыжиІамкІэ, а лэжьигъэм адэкІи пащэнущ.

- Нобэ дыщІыгъэхуэса Іуэхум иротузавэ дуней псом и щІыпІэ куэдым щыпсэуу адыгэхэр, - захуигъэзащ кьрихьэлІахэм ДАХ-м и тхьэмадэм. - Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Сирием щекІуэкІ зауэм и курыкупсэм хэхуащ гъащІэм и нэщІэбжьэкІэ абы кьыщыхута ди лъэпкъэгъуэхэр. Зыри зимылажьэ щІыху мамырхэр, сабийхэр хокІуадэ. Къэлъытапхъщ ди къэралри лъэкІкІэ а лыгъажэр къэгъэувыІа зэрыхъунум зэрыхэлІыфІыхьыр, ауэдэри ди къару деблэж хъунукъым - ахъшэ зэхуэхтхьэсу я щыгъынкІэ, шхынкІэ абыхэм гулъыгъэ яхуэтщІын хуейщ. ФІыщІэ яхузощІ сэбэн кьытхуэхъу ди щІыхухэм.

Телемарафоныр кьыщызэІуахым къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Хьэсанэ Руслан.**

- Гуэвэгъуэр сыт щыгъуи упэмплъауэ кьыштепсыхэ Іуэхуущ. Сирием щыпсэу адыгэхэм тІэунейрэ я лъапсэхэр, я нэхъыжьхэр зыщІалъхьа щІыпІэхэр ябгынэн хуей хъуащ. Тхыдэм кьытригъэзэжащ аргуэру, щІыхухэм я унэ-лъапсэхэр къагъанэурэ, я псэр щасхъуэмэну щІыпІэхэм макІуэ. Ахэр дадэІэпыкъуну кьытщогуть. Ди лъэпкъыр сыт щыгъуи адрейхэм къазэрыхэщу щытар хэлъ гущІэгъэмкІэщ, и гуапагъэмкІэщ», - жиІащ абы.

- Тхьэмыщкіагъэ зыльъуса ди къуэш-ди щыпхъухэм я псэукІэ хьэчум дытогуэзвыхьри, щхьэж и гупсысэ кьигъэльагъуэу, зы хэкІыпІэ къэдгъуэтыну сыхуейщ. ПсэукІэ дахэ Тхьэм къаритыж, адыгэм и Іуэхур Адыхьым кьригъэхъуЛэ! - жиІащ Иорданием щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Кьардэн Самир.**

Сириеи щекІуэкІ зауэм хэкІуэдахэм щхьэкІэ дыуэ яригъэщІащ КъБР-м и муслъымэн Іуэхущ ІапІэм и унафэщІ **Дзасэжь Хьэзрэталий.**

- Сирием щыпсэухэм гуэвэгъуэшхуэ къалъэІэсар зыхуэдэр дощІэ. Фыкъыхузоджэ гуузэ-лыуэ фиІэу мы Іуэхум фыкъыхьыжыну. Мэжджитым кьеКІуалІэ щІыхухэм хъыбар едгъащІэри ахъшэ зэхуэтхьэсаци, абыкІэ зыгуэрым сэбэн дыхуэхъуфмэ, ди гуапэщ. Тхьэм гущІэгъу къахуищІ щІыхуб эм. Лей зытехьахэм и сомкІэ япэІэбэм ар псапэу иІэнущ, - кьыхигъэщащ Дзасэжьым.

Телемарафоным хэта щІыхуэхэм жаІэн я куэдт.

Дербит Валерэ, *Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:* - Нобэ гуэвэгъуэм дыхэхуишэсауэ аращ. Зауэм кьыхэнахэм я гугъу умыщІыхьхи, Хэкум кьихьэжа ди къуэшхэри гугъу иохь я псэунигъэкІэ. Ар къэтэльытэри, ерыскъы машинитІ зэ кьедгъэшащ, иджы мы Іуэхум ахъшэ сом мин 70 хэтлъхьащ. Тхьэм ди адыгэ лъэпкъым зригъэузэщІыж, Сирием щекІуэкІ зауэр ихуну, ди лъэпкъэгъуэхэмрэ дэрэ дыздэгуфІэжьи Алыхьым ищІ.

Шыгъэльигъуэ Уэджид, *Тыркум щыІэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэ:* - Зауэм аргуэру зэбгридза лъэпкъыр бэдыхьышхуэ хэхуащ. Мы зэманым Тыркуми зи щхьэ незихьэлІа щІыху 1200-рэ щыІэщ, абыхэми зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ дакІэ-лъоплъ, унэхэм щІэдгъэтІысхьащ. СызэригугъэмкІэ, ДАХ-м хуэдэ Іуэхущ ІапІэхэрэщ мы Іуэхур и пэкІэ зыгъэкІуэтэфынур, ди лъэпкъэгъуэхэм щІэгъэжъуэн яхуэхъуфынур. Ди гуапэт Урысейри нэхъ жыджэру а лэжьигъэм кьыхьхьэрэ ди къуэшхэр я лъахэм къращэжьнымкІэ дэІэпыкъуэгъу кьытхуэхъуамэ.

Вэрокъуэ Владимир, *КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и унафэщІ:* - Нобэ си лъэпкъым сропагъ, срогушхуэ. Солъагъу ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм Іутхэм кьищынэмыщІауэ, ялыжь-фызыжьхэри щІалэгъуалэри псапащІэ Іуэхум кьыхэрыхьар. Си гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым гущІэгъу зыхэлъ апхуэдэ щІыхуэхэр зэрыщыпсэур. ЗыгуэркІэ зы къуажэ щІыкІум е къалэм мафІэс къыщыхъурэ «ар дэ ди Іуэхукъым», - жытІэмэ, фи фІэщ фщІы, зы гуэвэгъуэ гуэр уэри кьыхэрпкІэлъысыжьнур. КьыдгурыІуэн хуейщ кхэхъуар кьытфІэмыІуэхуу дыщыс зэрымыхъунур. Дыхуейщ мамырыгъэ, Тхьэм фиузэщІ щІыху гуапэхэр.

Дол Анжелэ, *Налшык кІалэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ:* - ИкъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьигъэ нобэ иригъэкІжащ ДАХ-м. Зауэм хэтхэм дадэІэпыкъун хуейщ, я щхьэр абы кьыхахьифын папщІэ. Дэ ди тхыдэр гъэнщІащ адыгагъэкІэ. Адыгэр сыт щыгъуи гумащІэщ, лей зытехьам, ар зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, дэІэпыкъуну хьэзырщ. А лъэныкъэкІэ зыгъэдгъэІэр зыхэдгъэ мыхъунухэм ящыщщ.

Дунейпсо Адыгэ Зэхуэсым и зэІущІэр иуха нэужь, Сэхъурокъуэ Хьэутий кьыхигъэщащ «Сирием щыщ ди къуэшхэм дадэвгъэІэпыкъуэ» псапащІэ Іуэхум дяпэкІи егъэкІуэкІыж хьэзырщ. А зэхуэсым кьызэрыщагъэлъэгъуар. «А зауэм хиубыдащ адыгэм и мызакъуэу, осетинхэри, ингушхэри, нэгъуэщІ лъэпкъхэри. Абы кьыхэкІыу икъукІэ ди гуапэ хъуащ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІа щІыхухэри мы псапащІэ Іуэхум кьызэрыхьхьар. Псоми фІыщІэ яхузощІ», - жиІащ Сэхъурокъуэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Налшык къалэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Дол Анжелэрэ КъБКъУ-м и профессор Дзэмыхь Къасболэтрэ.

Хьэжы Русланрэ (КъБР) сенатор Дер Вячеславрэ (КъШР).



Мы адыгэ пщащэ дахэхэм лІыкІуэхэр кьрагъэблагъэ.



Хьэсанэ Руслан гуэвэгъуэ хэхуахэм ядоІэпыкъу.

ДАХ-м къеблэгъащ Иорданиемрэ Германиемрэ я хасэхэм я тхьэмадэхэр. *28.06.2013 гъэ Суфэтхэр* **МАМИИ Руслан** *трихащ.*

● Абы дегъэпIейтей

Узышагъэр къыхэхыным къыхураджэ

Мэкъуауэрыгъуэм и 26-р Наркотик зэхъэлIэныкIэ ар хабзэм къемыдзэгъыу зегъэкIуэныкIэ ебэныным и дуней псо махуэр, мэкъуауэрыгъуэм и 27-р Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэр щытащ. Ахэр зэуIу ящIри, Налшык и ХъэтIохъэущыкIыуей хадэм щагъэлъэпIащ. ЗэIущIэм и кIыхьзэгъэщакIуэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр, Налшык къалэ администрацэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, Урысейм наркотикхэм кIэлъыплъныныкIэ и федеральнэ къулыкъым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэр.

IУЭХУГЪУЭМ кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и управленэм и унафэщI **Шевченкэ Юрий**, КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн**, узыншагъэр хъумэныгъэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гаевэ Алёнэ**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Сультан**, Урысейм наркотикхэм кIэлъыплъныныкIэ и федеральнэ къулыкъым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Соловьёв Николай**, Налшык щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэм и къаэнхэр зыгъэзащIэ **Кладько Игорь**, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Iэуес**, Олимп чемпион, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Къардэн Мурат**, Республикэм и наркологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ **Пашевкин Олег**, КъБР-м ис мусылъмэнхэм я дин Iуэхущ IапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу **Амщокъуэ Анжелэ**, КъБР-м и благочиннэ **Бобылев Валентин**, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и профкомым и пашэ **Шибзыхъуэ Нарзан** сымэ, нэгъэущIхэри.

Шевченкэ Юрий зэIущIэм кърихьэлIахэр кыхуриджащ наркотикыр Iуплъэм ящIыныкIэ, щыуагъэ зыIущIэкIа, гъуэгу захуэм тещхьэрыукIа IущIэмэ, дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуным хущIэкъуным.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу Геккиев Сультан щалэгъуалэм я махуэ лъапIэмкIэ екъуэдзэ, наркотик зэхъэлIэхэм, ар зэхъэгъэкIуэкIхэм япэщIэтыныныкIэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм кыхыхьэныр кыдэзыхуэсахэр кыхуриджащ.

- Спортым, физическэ щэнхабзэм, узышагъэр хъумэным фыкъыхуэдожэ! Узышагъэр нэхъапэщ - ар дигу идвгъэгъэлъ! ЩIалэгъуалэм къыфкIуэкI Iлыгъэм, гурыхуагъэм куэд елытащ, - жIащ Соловьев Николай.

- Дегупсыри, наркотикым пэщIэтыным и мазэхэмрэ Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэмрэ зэгъуэгу дгъэлъэпIэну мурад тщIащ. Абыи щхьэусыгъуэ иIэщ - щIалэгъуалэр наркотикым зэпэщIэтмэ, ди кIэкIуэнур ефIэкIуэнущ. Ди республикэм щыпсэу щIалэгъуалэр губзыгъэщ, зэфIэкI льагъэхэр къэзыгъэльагъэущ. Абы дегъэгуфIэ, - кыпищащ псалъэмакъым Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Дол Анжелэ.**

ГъащIэм нэхъ икIагъэ дыдэу кыхъхьэр лIэныгъэр щIэхыу гъунэгъу къэзыщI наркотикыр.

Абы пэIущIэ зыгъэпыщI хъун гупсысэкIэ сыдэгуфIшэнут: зауэм и зэманым ди нэхъыжьхэр фи ныбжьым иту лIыхъужь хъууэ щытащ. Абыхэм я щIэ фIащащ къалэхэм, уэрамхэм. Ноби диIэщ куэдкIэ гугъэ уэзыгъэщI щIалэгъуалэ. Апхуэдэщ, дуней псом чемпион щыхъуну лIыгъэ кызыкъуэкIхэр. Ахэр щапхъэ фхуэхъупхъэщ.

Зэманыр пщIэнщэу бгъакIуэ хъунукъым, дэтхэнэ дакъикъэми мыхьэнэ иIэн хуейщ, - захуигъэзащ щалэгъуалэм Олимп чемпион Къардэн Мурат.

Наркотикым пэщIэтыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм IуэхущIапIэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхыльхэр, саугъэтхэр иратащ.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ уэрэдджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ. Абыхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэхэм кыхьхьэныр наркотикыр зэрымыхуэмыщIагъэр кIэзэгъэльагъуэ Iуэхугъуэхэр.

ГъащIэгъуэнт